

Ki Vaksen Pitit Ou Bezwen?



Pou paran ak gadyen Hoosier yo,

Me 2024

Ministè Sante Indiana a (IDOH) toujou bat pou pwoteje sante ak sekirite timoun Hoosier yo, konsa nou vle mete w okouran sou vaksen ki rekòmande pou adolesan ki pwoteje kont maladi, tankou koklich (whooping cough), papilomaviris imen (HPV), maladi menengokòk ak grip.

Vaksen ki obligatwa pou timoun laj 11-12 lane enkli Tdap (tetanòs, difteri ak koklich), menengokòk (MCV4), ak epatit A*, epi vaksen ki rekòmande yo enkli HPV, COVID, ak grip**.

Vaksen sa yo an sekirite, efikas epi yo kapab pran yo pandan menm konsiltasyon kay doktè a. Nou ankouraje w revize enfòmasyon enpòtan sa yo epi kontakte founisè swen sante pitit ou avèk tout kesyon.

**Epatit A rekòmande pou adolesan pi gran pase laj 1 lane.*

***Grip rekòmande pou tout endividi pi gran pase laj 6 mwa.*

HPV Kapab lakòz 33,000 ka kansè evitab Ozetazini chak ane	Koklich (Whooping Cough) 1 ka sou 3 se adolesan ant laj 11 rive 19 lane
Maladi Menengokòk 21% ka yo fèt nan endividi laj 11 rive 24 lane 10a 15% endividi sa yo pral mouri akòz maladi a	Grip - Afekte 5 a 20% popilasyon an Ozetazini chak ane - Plis pase 200,000 lopitalizasyon fèt akòz grip la chak ane



Vaksen pa pou timoun piti sèlman.

Adolesan bezwen pwoteksyon maladi kontajye, tou.

Ki kote pitit mwen ka pran vaksen sa yo?

Vaksen sa yo disponib nan men founisè swen sante pitit ou. Epitou famasi kapab bay vaksen pou timoun laj 11 lane ak pi gran.

Si pitit ou pa gen asirans sante oubyen genyen yon plan asirans sante ki pa kouvri vaksen, pitit ou elijib pou li pran vaksen gratis atravè pwogram Vaksen pou Timoun (VFC). Pou lokalize yon founisè VFC, kontakte IDOH nan immunize@health.in.gov oubyen 800-701-0704.

Aprann plis sou vaksinasyon ak maladi yo pwoteje moun kont yo

Non Maladi a	Non Vaksen an	Kijan maladi a pwopaje?	Ki sentòm maladi sila a?	Ki komplikasyon maladi sa a ka bay?
Tetanòs (Lockjaw)	Vaksen kont Tdap	Bakteri ki nan sol, pousyè ak kaka bèt atravè ekspozisyon ak koupri nan po	Kò rèd, spasm nan misk, fyèv	Zo kase, mal pou respire, fatalite posib
Difteri	Vaksen kont Tdap	Enfeksyon bakteri ki pwopaje atravè kontak dirèk ak ti goud soti nan moun ki enfekte ki touse oswa etènne	Gòj fè mal, fyèv lejè, feblès, glann anfle	Domaj ak misk kadyak la, mal pou respire, ensifizans respiratwa ak kadyak, fatalite posib
Koklich (Whooping cough)	Vaksen kont Tdap	Enfeksyon bakteri ki pwopaje atravè kontak dirèk ak ti goud soti nan moun ki enfekte ki touse oswa etènne	Tous grav ki fè son "whoop", nen koule, vonmisman akòz gwo tous grav	Nemoni, pèdi kontwòl blat, zo kòt kase, fatalite posib
Papilomaviris imen (HPV)	Vaksen kont HPV9	Viris kontajye ki pwopaje atravè kontak po ak po entim	Souvan pa gen sentòm men konn gen veri, blesi pre-kansè oswa kansè nan bouch, gòj, kòl matris, anis, peni oswa lòt zòn	Kansè nan bouch, gòj, kòl matris, anis, ak rejyon jenital, veri jenital, ak fatalite posib akòz kansè
Maladi menengokòk	Vaksen kont MCV4 ak menengokòk B	Echanj goud nan nen ak gòj atravè touse, etènne, bo, pataje istansil, elatriye	Tèt fè mal, kou rèd, nozi ak vonmisman, konfizyon, pa ka dòmi	Menenjit, enfeksyon nan sikilasyon san, pèdi odisyon, domaj nan sèvo, kriz malkadi, pèdi bra oubyen pye, fatalite posib
Grip	Vaksen sezonye kont grip	Viris kontajye ki pwopaje atravè goud soti nan moun ki enfekte ki touse oubyen etènne	Sentòm yon parèt toudenkou tankou fyèv, frison, tous sèk, tèt fè mal, nen koule, gòj fè mal, misk ak jwenti fè mal	Fatig ekstrèm, lopitalizasyon, nemoni, fatalite posib
Epatit A	Vaksen kont Epatit A	Viris kontajye nòmalman pwopaje atravè wout fekal (kaka)- oral, kapab pwopaje atravè kontak etwat avèk moun ki enfekte	Fyèv, fatig, pèdi apeti, nozi ak vonmisman, lajònis (po/je tounen jòn), pipi koulè koka, kaka koulè lajil	Lopitalizasyon, fatalite posib

*Vaksen an kont HPV9 efikas anpil nan anpeche pre-kansè nan kòl matris la, men li pa elimine bezwen pou depistaj kansè kòl matris woutin (tès Pap) selon rekòmandasyon founisè swen sante w. Depistaj sa a enpòtan paske li kapab detekte chanjman pre-kansè prekos konsa trètman kapab kòmanse avan kansè ta gen chans pou li devlope.

Pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon:
in.gov/health/immunization

